ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№109 (24.235) • 2021 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 11, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# «Шагъдийм» Тыркум зыкъыщегъэлъагъуэ




## «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэхэм» къахохъуэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ЗэгурыIуэныгъэм и утыкум деж республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» автомобиль 17 дыгъуасэ щаритыжащ.**



АВТОМАШИНЭХЭР щIыналъэм къыIэрыхьащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир мы гъэм и мэлыжьыхь мазэм УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызахуигъазэм пщэрылъ ищIа Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ. УФ-м и Правительствэмрэ Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэмрэ я унафэкIэ 2021 - 2023 гъэхэм федеральнэ бюджетым и мылъкукIэ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» автомашинэу минитху къэралым и щIыналъэхэм папщIэ къащэхунущ. Ахэр яIэрыхьэнущ къуажэхэм, къалэ теплъэ зиIэ жылагъуэхэм, къалэ цIыкIухэм.

- Иужьрей илъэсхэм республикэм и «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» IэнатIэм и автомашинэхэр, къанэ щIагъуэ щымыIэу, зэрахъуэкIащ. Нобэ диIэ хэхъуэр щIыналъэр дызыхуэныкъуэ дэIэпыкъуэгъушхуэщ, иджы Iэмал диIэ хъуащ къуажэхэм щыIэ медицинэ IуэхущIапIэхэр зыхуэныкъуэ транспорткIэ къызэдгъэпэщыну, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и автопаркым хэткъым илъэси 9 нэхърэ нэхъыбэкIэ лэжьа. Абыхэм я шофёрхэм зэрыжаIэмкIэ, транспортым ныкъусаныгъэншэу илъэситхукIэ урилэжьэфынущ. Аращи, тхужыIэнущ иджыпсту IэнатIэр автомашинэщIэхэмкIэ тэмэму къызэгъэпэщауэ. УФ-м и Президентым Iуэхур къызэрыддиIыгъым, къэралым и Правительствэмрэ Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэмрэ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ щIыналъэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр хъарзынэу ефIэкIуащ. Сымаджэщхэр диагностикэ, хирургие Iэмыпсымэ лъэщхэмкIэ, иджырей техникэхэмкIэ къызэдгъэпэщын тхузэфIэкIащ. Иджыпсту цIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр щыхуащIэ IуэхущIапIэхэм, амбулаторэхэмрэ поликлиникэхэмрэ, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр щокIуэкI. Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэр зэрыщыту къапщтэмэ, мы зэманым абы щокIуэкI зыужьыныгъэфIхэр.

ЩIыналъэм къыIэрыхьа «ГАЗель Next» автомобилхэр Бахъсэн, Дзэлыкъуэ, Шэджэм, Тэрч, Шэрэдж, Iуащхьэмахуэ, Май районхэм щыIэ, ЩIыналъэхэм зэдай, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ, Зеикъуэ, Iуащхьэмахуэ жылагъуэхэм дэт сымаджэщым иратащ.

Республикэм и Iэтащхьэм иригъэкIуэкIа «эфир занщIэм» къэпсэлъа цIыхухэм я лъэIур ягъэзащIэу, Нарткъалэрэ Нартанрэ дэт медицинэ IуэхущIапIэхэми автомашинэ зырыз хуагъэкIуащ. Апхуэдэуи КIуэкIуэ Казбек и жэрдэмкIэ Терскол жылагъуэмрэ Азау хуеймрэ жэщмахуэм плъыру щыIэну «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэхэр» къалъысащ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

**Тырку Республикэм щыпсэу кавказ лъэпкъхэм я щхьэ, я бзэ, я хабзэ зэрахъумэж IэмалыфIхэм ящыщщ илъэс къэс лъэпкъ щэнхабзэм и фестивалхэр къызэрызэрагъэпэщыр. Хамэ щIыпIэм и къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм адыгэ щэнхабзэм и дауэдапщэхэр зэрыщекIуэкIым, хэхэс гъащIэр зи натIэ хъуа ди лъэпкъэгъухэм абы ират мыхьэнэм, къыдэкIуэтей щIэблэр адыгэпсэу къэгъэхъунымкIэ фестивалхэм я сэбэпынагъым мызэ-мытIэу «Адыгэ псалъэр» тетхыхьащ.**

*Ди нобэрей къыдэкIыгъуэм и еплIанэ напэкIуэцIми фыкъыщеджэ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа «Шагъдий» ансамблыр Тыркум зэрыщыIам теухуа тхыгъэм.*



## Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизион

*Егъуанэ джэгугъуэ*
**«Спартак-Налшык» - «Чайка» (Песчанокопскэ)**
*Налшык. «Спартак» стадион.*
*ФокIадэм и 12. Сыхьэт 16-м.*

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ|апIэм къет

# ЩIыналъэ нэхъ пашэхэм хабжэ

**КъБР-м и Iэтащхьэр хэтащ УФ-м и Правительствэм щIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и комиссэм и штабым и зэIущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и вице-премьер Хуснуллин Марат.**

ЗЭIУЩIЭМ щыхэплъащ школхэр капитальнэу зэгъэпэщыжынымкIэ программэр гъэзэщIэным пыщIа Iуэхухэм. Программэр гъэхьэзырынымкIэ зэфIагъэкIхэм ятеухуауэ къэпсэлъащ «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэм и секретарь **Турчак Андрей**, «Сириус» егъэджэныгъэ центрым и унафэщI, Урысей Федерацэм и Президентым и деж ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ щыIэ советым и президиумым хэт **Шмелевэ Еленэ**, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министр **Кравцов Сергей**, щIыналъэ зыбжанэм я Iэтащхьэхэр.

Хуснуллин Марат зэIущIэм щыжиIащ япэ илъэситIым къриубыдэу Урысейм курыт еджапIэ минищ нэхърэ мынэхъ мащIэ нэгъэсауэ зэрыщызэрагъэпэщыжынур. Урысейм и Президент Путин Владимир мэкъуауэгъуэм и 19-м «Урысей зэкъуэт» партым и съездым къыщыщыпсалъэм къигъэувахэм япкъ иткIэ илъэситхум тещIыхьа зыхуэфащэ программэ мы зэманым ягъэхьэзыр. Къэрал Советым и президиумым и зэIущIэм Президентым щыдиIыгъащ школхэр капитальнэу зэгъэпэщыжынымкIэ программэр комплекснэу егъэкIуэкIыным теухуауэ Шмелевэ Еленэ къыхилъхьар. Нэгъуэщ|у жыпIэмэ, еджапIэхэм я унэхэр зэрызэрагъэпэщыжынум къыдэкIуэу пэшхэри зыхуеину унэлъащIэкIэ, иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ.

«Урысей зэкъуэт» партым бадзэуэгъуэ мазэм и кIэухым УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм и унафэщIхэм яхуигъэхьащ капитальнэу зэгъэпэщыжын хуей школ 7200-рэ зэрыт реестр. ЕджапIэхэр зэгъэпэщыжыным и лъэныкъуэкIэ проектхэр зэрызэхалъхьэм щегъэжьауэ IуэхущIапIэхэр нэсу зыхуей хуагъэзэху кIэлъыплъынущ министерствэмрэ адэ-анэхэмрэ ящIыгъуу партым и къудамэхэм къызэрагъэпэща лэжьакIуэ гупхэр. Мы программэм хэхуэн папщIэ бжыгъэ псори щыгъэтэмэмыжа заявкэхэр щIыналъэхэм жэпуэгъуэм и 10-м фIэмыкIыу зэхалъхьэн хуейщ.

ЩIыналъэм и бюджетым, «Къуажэ щIыналъэхэм комплекснэу зегъэужьыныр» программэм и хьэкъкIэ мы гъэм республикэм Дзэлыкъуэкъуажэ поселкэмрэ Пролетарскэ къуажэмрэ я еджапIэхэр капитальнэу щызэрагъэпэщыжащ, апхуэдэу мы илъэсым къриубыдэу Шэрэдж Ищхъэрэ, Малкэ къуажэхэм я школхэр зыхуей хуагъэзэну я мурадщ. Иджыпсту ухуакIуэхэр йолэжь Каменномост къуажэм и школым и унащхьэр зэгъэпэщыжыным. Абы зэраныгъэ иритащ иджыблагъэ щыIа жьапщэшхуэм.

ЗэIущIэм зэпкърыхауэ щытепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ щIыналъэхэм щызэфIагъэкIхэм. КъызэрагъэлъэгъуамкIэ, «ФIагъ лъагэ зиIэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым ехьэлIа контрактхэр гъэхьэзырынымкIэ, гъуэгу ухуэныгъэхэр егъэкIуэкIынымкIэ, къалэ псэупIэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ, къуажэ щIыналъэхэм гъуэгу инфраструктурэм зыщегъэужьынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр щIыналъэ нэхъ пашэу 5-м яхэтщ. Республикэр апхуэдэу яхэтщ 2019 - 2021 гъэхэм унэ кхъахэм щIэсхэр гъэIэпхъуэнымкIэ программэр нэхъ нэгъэсауэ зыгъэзэщIахэм, къалэ хьэблэхэр зэIузэпэщ щIынымкIэ урысейпсо конкурсым щытекIуахэм. Апхуэдэу ди республикэр псэупIэ ухуэнымкIэ ипотекэр нэхъыфIу щат щIыналъэу 10-м яхэтщ. Дызэрыт илъэсым щыщу блэкIа зэманым ипотекэ щIыхуэу республикэм сом меларди 7-м нэблагъэ щатащ икIи блэкIа илъэсым и апхуэдэ зэманым елъытауэ ар процент 77,5-кIэ нэхъыбэ ящIащ.



# Муниципалитетхэм я лIыкIуэхэм я зэIущIэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я Iуэхухэм щыхэплъа зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Езауэ Анзор, КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI Джэш Вячеслав, республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.**

ПСОМ ЯПЭУ зытепсэлъыхьахэм ящыщщ Ковид-19 узыфэм щызыхъумэ вакцинэхэр зэрыхалъхьэр, лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэныр зэрекIуэкIыр, Къэрал Думэм и депутатхэр фокIадэм и 17 - 19-хэм зэрыхахынум зыхуэгъэхьэзырыным пыщIауэ зэфIагъэкIхэр. КъызэрагъэлъэгъуамкIэ, нобэм ирихьэлIэу уз зэрыцIалэм щызыхъумэ вакцинэр цIыху мини 164-м нэблагъэм халъхьащ. ЩIыналъэм и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхукIащ Ковид-19-р зэуалIэхэмрэ апхуэдэ сымаджэу ягъэгъуэлъхэмрэ кIуэтэху нэхъ мащIэ зэрыхъур. Ар зи фIыщIэр профилактикэ лэжьыгъэм егугъуу зэрыщIадзарщ, цIыхухэм вакцинэр зыубгъуауэ зэрыхалъхьэрщ. КIуэкIуэ Казбек къигъэлъэгъуащ а лэжьыгъэ псори мы зэманым къагъэтIасхъэ зэрымыхъунур.

УФ-м и Правительствэм щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм и штабым и президиумым а махуэм иригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщаIэта Iуэхухэм япкъ иткIэ КIуэкIуэ Казбек администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я пщэ ирилъхьащ егъэджэныгъэм и IуэхущIапIэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжынымкIэ федеральнэ программэм хагъэхьэн папщIэ зыхуей Iуэхухэр къыщыгъэлъэгъуа документхэр Правительствэм и комиссэм и штабым игъэува пIалъэр къэсыным махуипщI нэхърэ мынэхъ мащIэ иIэжу КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм Iэрагъэхьэну. КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ еджапIэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжынымкIэ нэхъ япэкIэ ягъэхьэзырауэ щыта программэм хэтщ республикэм и школ 63-м я унэу 75-рэ. Абы и лъэныкъуэкIэ федеральнэ Правительствэм иубзыхуа Iуэхухэм япкъ иткIэ къэралым и субъектхэм ящыщ дэтхэнэ зыми гъэ къэс хухахынущ щIыналъэ программэхэм къыщыгъэлъэгъуа еджапIэхэм я процент 20-р зэрызэрагъэпэщыжын ахъшэ. Мы программэр илъэситхум тещIыхьащ икIи абыхэм ящыщу япэ илъэситIым къриубыдэу Урысейм и Правительствэм къиутIыпщынущ щIыналъэхэм щыIэ еджапIэу мини 3 нэхърэ мынэхъ мащIэ зыхуей зэрыхуагъэзэн ахъшэ.

КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Езауэ Анзор зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ а лэжьыгъэр щIыналъэхэм зэрыщекIуэкIынум. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, Налшык къалэм школитI, Бахъсэн къалэм школиплI, Прохладнэ къалэм школитху, Дзэлыкъуэ районым школиплI, Лэскэн районым зы школ, Май районым школих, Прохладнэ районым школищ, Тэрч районым школ 12, Аруан районым школ 16, Шэджэм районым школитI, Шэрэдж районым школитI, Iуащхьэмахуэ районым школих капитальнэу щызэрагъэпэщыжынущ.

Мусуков Алий щIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм ягу къигъэкIыжащ еджапIэхэр къуажэ щIыналъэхэм комплекснэу зегъэужьынымкIэ программэм хиубыдэу капитальнэу зэрагъэпэщыж зэрыхъунур. Лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ екIуэкI лэжьыгъэхэм я гугъу щищIым премьер-министрым къыхигъэщхьэхукIащ муниципальнэ щIыналъэхэм зыщелэжь щIыналъэ проекту 8-м псори зэхэту текIуэдэну ахъшэм и процент 60-р нобэм ирихьэлIэу къазэрыIэрыхьар. Абы зэпкърыхауэ къигъэлъэгъуащ ухуэныгъэ щхьэхуэхэм ятещIыхьауэ щIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм гулъытэ хэха зыхуащIын хуейуэ щыIэхэр.

ЗэIущIэм хэтахэр апхуэдэу хэплъащ хэхыныгъэхэр егъэкIуэкIыным муниципалитетхэр зэрыхуэхьэзырым, хэхыпIэ участкэхэм шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщынымкIэ ялэжьхэм. Джэш Вячеслав къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ мы лэжьыгъэр щIыналъэ хэхакIуэ комиссэу 13-м, участкэ хэхакIуэ комиссэу 355-м къызэрызэрагъэпэщынум, цIыхухэм Iэ зэраIэтым кIэлъыплъын папщIэ КъБР-м и Жылагъуэ комиссэм кIэлъыплъакIуэ 710-рэ зэригъэхьэзырам.

# Хабзэм и хъумакIуэхэр зэчэнджэщащ

**КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ Хабзэр хъумэнымкIэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуIу зэхуэсым, республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым хэтхэм я зэIущIэ. Абы щIэсащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, хабзэхъумэ, кIэлъыплъакIуэ органхэм, министерствэхэм я унафэщIхэр, республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.**

ЗЭIУЩIЭМ щызэпкърахащ лъэпкъ зэхуэщытыкIэхэм, щIалэгъуалэр экстремизмэм щыхъумэным япыщIа Iуэхухэр. Докладхэр ящIащ КъБР-м граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министр **КIурашын Анзор**, КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Езауэ Анзор**, Прохладнэ, Аруан, Шэрэдж муниципальнэ районхэм я Iэтащхьэхэу **Журавлёв Андрей**, **Ажий Валерэ**, **Муртазов Борис** сымэ.

Доклад щхьэхуэхэр теухуауэ щытащ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпыным пыщIа хабзэншагъэхэм япэщIэтыным. Абы и лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм тепсэлъыхьащ КъБР-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрым и къуэдзэ **Апхуд Мурат**, ЩIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ IэнатIэм щыкIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Асанов Зейтун**.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис** зэIущIэм щIэсахэр щыгъуазэ ищIащ «Хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэм я жэрдэмхэр ядэIыгъыныр» лъэпкъ проектыр, хьэрычэт IэнатIэм пэрытхэр административнэ лъэпощхьэпохэм ящыхъумэнымкIэ икIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм ятеухуауэ Урысейм и Президентым къыдигъэкIа указыр гъэзэщIа зэрыхъум.

**Ди республикэм шынагъуэншагъэмкIэ органхэр къызэрыщызэрагъэпэщрэ илъэсищэ ирикъуащ. Абы теухуауэ дыгъуасэ Урысейм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэIущIэм хэтащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

# Илъэсищэ гъуэгуанэ

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ КъБР-м щыIэ Управленэм и унафэщI, генерал-майор **Воронин Сергей**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек IэнатIэм и лэжьакIуэ нэхъыфIхэм къэрал наградэхэр яритащ.

ГуфIэгъуэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, суд, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр, ветеранхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

«Нобэ дэ догъэлъапIэ лIыгъэрэ хуагъэрэ зэхьэлIэн хуей IэнатIэм пэрытхэр, ди республикэр, зэрыщыту къэралыр сыт хуэдэ шынагъуэми щызыхъумэхэр, хэкум и суверенитетымрэ лъэпкъ плъапIэхэмрэ я хъумакIуэхэр, ди цIыхубэм я шынагъуэншагъэмрэ фIыгъуэмрэ зи гъащIэр хуэзыгъэпсахэр», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм. Абы УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм, IэнатIэм и ветеранхэм фIыщIэ яхуищIащ гъэхуауэ, зэщIэгъэуIуауэ икIи дагъуэншэу я къалэнхэр зэрырахьэкIым папщIэ. КIуэкIуэ Казбек IэнатIэ мытыншым пэрытхэм узыншагъэ быдэ, къэмылэнджэж къару яIэну, я унагъуэхэм фIыгъуэ илъыну, Хэкум хуащIэ къулыкъу мытыншым ехъулIэныгъэхэр къыщахьыну ехъуэхъуащ.

# ЗыгъэпсэхуакIуэхэм зэрадэлажьэм гулъытэ хэха хуащI

**Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зэIущIэр иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ.**

ДЕПУТАТХЭР хэплъащ «УФ-м и субъектхэм я бюджетхэм я счетхэм къина ахъшэм хущIагъуа бюджет кредитхэр япшыныжын папщIэ ират бюджет кредитхэр федеральнэ бюджетым къыхэкIыу КъБР-м и бюджетым хухэхынымкIэ ЗэгурыIуэныгъэм щIагъуж зэгурыIуэныгъэр къэщтэным и Iуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектым. КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финанс рынокымкIэ и комитетым и унафэщI АфэщIагъуэ Михаил зэрыжиIамкIэ, мы зэгурыIуэныгъэ гуэдзэныр теухуащ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу КъБР-м и бюджетым хухахауэ щыта бюджет кредитыр щапшыныжыну пIалъэхэр зэхъуэкIыным.

Федеральнэ законодательствэм ипкъ иткIэ зэхалъхьащ «КъБР-м щрагъэкIуэкI турист лэжьыгъэм теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектыр. Абы ипкъ иткIэ хагъахъуэ туризмэм и IэнатIэм ехьэлIауэ ди щIыналъэм и къэрал властым и органхэм ирата полномочиехэм. Апхуэдэ хуитыныгъэхэм ящыщу документым къыщигъэлъэгъуащ дунейпсо къакIуэ гупхэр къезышэкI экскурсоводхэм, зыгъэпсэхуакIуэхэм ядэлажьэ адрей цIыхухэм я IэщIагъэр къэзыпщытэ, апхуэдэ IэщIагъэлIхэр федеральнэ реестр зэгуэтым изытхэ комиссэ къызэгъэпэщыныр. Апхуэдэу зэхъуэкIын хуейуэ къалъытэ зыгъэпсэхуакIуэхэм ядэлажьэ организацэхэм, хьэрычэтыщIэхэм, цIыху щхьэхуэхэм ящыщу налогхэр хабзэ хэхахэм тету зытхэм ехьэлIа щIыналъэ къэрал кIэлъыплъыныгъэр къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэр.

Законопроектхэр зыхуэфащэ органхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ елэжьын папщIэ ягъэхьащ. Нэхъ иужькIэ ахэр КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм къыщыхалъхьэну я мурадщ.

ЗэIущIэм утыку къыщрахьащ федеральнэ законхэм я проекту, законхэр къыдэгъэкIынымкIэ жэрдэму УФ-м и адрей субъектхэм я парламентархэм ягъэхьэзырахэр. Ахэр ятеухуащ мафIэсым и шынагъуэм зэрыпэщIэтым, сабий зэрыс унагъуэхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ зэрыратым, мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм зэрызыщIагъакъуэм, нэгъуэщIхэми.

Къапщтэмэ, КъБР-м и Парламентым и депутатхэм даIыгъащ «УФ-м и «Къалэ лIыхъужь» цIэ лъапIэм и Iуэхукlэ» федеральнэ законым и проектыр Къэрал Думэм къыщыхэлъхьэным теухуа жэрдэмыр. Ар къезыгъэхьар Смоленск областым и Думэрщ. Депутатхэм къыхагъэщхьэхукIащ «Къалэ лIыхъужь» цIэ лъапIэр зыфIащауэ къалэхэм я статусыр нобэм къэс законым зэрызэблимыгъэкIыр. Законопроектыр зыхуэгъэза мурад нэхъыщхьэр 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ къыщызыгъэлъэгъуа къалэ лIыхъужьхэм я статус хэха гъэувыныр щ.

Социальнэ мыхьэнэ ин зэриIэм къыхэкIыу КъБР-м и Парламентым и депутатхэм апхуэдэу даIыгъащ сабийхэр щрагъаджэ IуэхущIапIэхэм медицинэ лэжьыгъэ щезыгъэкIуэкIхэр жыгъэкIэ нэхъ пасэу пенсэм кIуэну хуитыныгъэ зиIэхэм яхэбжэным и Iуэхукlэ Астрахань областым и Думэм къэралым и унафэщIхэм зэрызыхуагъэзар.

ИкъукIэ игъуэу къалъытащ егъэджэныгъэмкIэ IуэхущIапIэхэм шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ УФ-м и хабзэ мардэхэр зэхэлъхьэным теухуауэ Удмурт Республикэм и Къэрал Советым УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил зэрызыхуигъэзар. Ар теухуащ еджапIэхэм шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщынымкIэ лэжьыгъэхэм ятекIуэдэну ахъшэр федеральнэ бюджетым къыхэгъэкIынымкIэ программэ щхьэхуэ зэхэлъхьэным.

ЗэIущIэм и кIэухым депутатхэм зэакъылэгъуу къащтащ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щапхъэ щызыгъэлъагъуэ лэжьакIуэхэм КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр етыным теухуа унафэ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*



# ЩIДАА-м и академикым и фIыщIэ

МГОУ-м Стратегиемрэ аналитикэмкIэ и центрым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Ершов Виталий** иджыблагъэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием хагъэхьащ. Ар и гуапэ зэрыхъуам къыхэкIыу, Ершовым фIыщIэ тхыгъэ хуигъэхьащ ЩIДАА-м и Президент, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым сенатору щыIэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор Къанокъуэ Арсен:

«ПщIэ зыхуэсщI Къанокъуэ Арсен! ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и лэжьакIуэхэ! Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэлIхэ!

ЩIДАА-м и академикыу сызэрыхахар сэркIэ пщIэшхуэщ. А цIэ лъапIэр щIыхь пылъу зесхьэну, Урысеймрэ абы и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэ, сэри си лIакъуэр къыщежьа, Кавказ Ищхъэрэмрэ я тхыдэ щIэныгъэр джыным, адыгэм и тхыдэр, щэнхабзэр, лъэпкъ хьугъуэфIыгъуэхэр егъэфIэкIуэным, хъумэным, ЩIДАА-мрэ Москва и Гуманитар еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэм нэхъри зегъэубгъуным теухуауэ си гуащIэ къихьыр злэжьынущ.

ЩIДАА-м щIэныгъэ дунейм щиIэ Iулыджыр ди хэкуми дуней псоми къыщалъытэ: абы Урысейми хамэ къэралхэми я щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, гъуазджэм, литературэм елэжьхэр зэрегъэубыд. Академиер лъэпкъым и курыхщ, хэкур щIэныгъэ утыкум пщIэ иIэу ирешэ, иджырей дунейпсо щIэныгъэ, щэнхабзэ утыкухэм щыжыджэрщ.

ПщIэ зыхуэсщI Къанокъуэ Арсен! ЩIДАА-р уи нэIэ щIэту зыужьыныгъэщIэхэм хуопабгъэ: академием и Iуэху къызэгъэпэщыкIэхэр йофIакIуэ, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм дэIэпыкъуныгъэ ягъуэт, щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэр утыку ирахьэ, щIэныгъэ литературэхэр къыдокI.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩIДАА-м и вице-президент ХьэфIыцIэ Мухьэмэд мы гъэм къыдигъэкIа «Адыги: один из древнейших народов мира. Черкесская иллюстрированная энциклопедия-хрестоматия», «Черкесская диаспора. Панорама культурной жизни» тхылъхэм я хъыбарыр Москваи щыIуащ. Си гуапэщ дяпэкIэ академием къыдигъэкIыну тхылъыщIэхэм, щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм, щIэнгъуазэхэм си гуащIэрэ щIэныгъэрэ хэслъхьэну.

ПщIэ пхуэсщIу, творческэ ехъулIэныгъэхэр уиIэну, щIэныгъэ лъагапIэхэм утетыну сыпхуохъуахъуэ», - щыжеIэ Ершов Виталий Къанокъуэм хуигъэхьа фIыщIэ тхылъым.

*Зыгъэхьэзырар* **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**



# Бжыгъэр зи лъабжьэ Iэмалхэм трагъащIэ

**Гъэ еджэгъуэщэм зэхъуэкIыныгъэщIэхэри Iуэху зехьэкIэщIэхэри къыдэкIуащ. Егъэджэныгъэм и фIагъыр къэIэтыным хуэгъэпса апхуэдэ бгъэдыхьэкIэщIэхэм зыщаубгъу ди щIыналъэми. Абы и щыхьэтщ «ДыгъафIэ къалэм» къыщызэIуаха IT-классхэр. Бжыгъэр зи лъабжьэ технологиехэм епха предметхэу математикэр, физикэр, информатикэр нэхъ кууэ щаджыну а гупхэм хэсынухэр къыхахащ 6 - 9-нэ классхэм щIэс ныбжьыщIэхэу а унэтIыныгъэм дихьэххэм.**

КЛАССХЭР щаубзыхум гулъытэ хуащIащ ныбжьыщIэхэм еджэным щаIэ зэфIэкIхэм, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщагъэлъэгъуа щIэныгъэхэм, къэпщытэныгъэхэм къыщахьа оценкэхэм. Апхуэдэ къэпщытэныгъэ ткIийм кIуэцIрыкIащ сабий академием и еджакIуэ 16. Ахэр иджы щоджэ «ДыгъафIэ къалэм» къыщызэIуаха япэ IT-классым.

- Махуэ къэс зызыужь, зызыхъуэж егъэджэныгъэ IэнатIэр зыхуэныкъуэщ IT-классхэр. Абыхэм я къалэн нэхъыщхьэр зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ школакIуэхэр гупу къыхэгъэбелджылыкIауэ бжыгъэр зи лъабжьэ технологие пэрытхэм щхьэхуэу икIи нэхъ кууэ хуегъэджэныр щ, - жиIащ Iуэхугъуэщ Iэм щхьэкIэ КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Езауэ Анзор. - Апхуэдэ классхэм папщIэ программэ щхьэхуэ зэхэдгъэуващ, математикэм, физикэм, информатикэм хухах сыхьэт бжыгъэхэр щынэхъыбэу.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, IT-классхэр къызэIухыным хуэщIа проектым къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр зэгъусэу зэфIахынущ еджапIэ нэхъыщхьэхэм, IT IэнатIэхэм, «Кванториум» сабий технопаркым, Сабий зэчиифIэхэм щадэлажьэ щIыналъэ центрым я IэщIагъэлIхэм. А классхэм щеджэ ныбжьыщIэхэр я къару еплъыжыну Iэмал яIэщ технологиещIэхэр, техникэщIэхэр къэгъэIурыщIэнымкIэ. Къэхутэныгъэ щIыкIэм зэкIэ тет а Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэм адэкIи зыщрагъэубгъунущ сабий академием, къызэIуахагъащIэ классыщIэм щIэсхэр къапэщылъ къалэнхэм зэрапэлъэщым кIэлъыплъа нэужь.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

Лъэпкъ Iуэху • Ди махуэгъэпс

# Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр ягъэбыдэ

Иджыблагъэ Яловэ къалэм щекIуэкIа Кавказ лъэпкъхэм я къафэмрэ макъамэмрэ я дунейпсо фестивалым Тыркум щыпсэу адыгэхэм я гур хагъахъуэрэ я дэрэжэгъуэр къаIэту хэтащ «Шагъдий» къэфакIуэ ансамблыр. Ди къэфакIуэ ныбжьыщIэхэм я щыпэкIуэкъым адыгэ нэхъыбэ дыдэ зэрыс Тырку щIыналъэм, атIэ илъэс куэд щIауэ жэуаплыныгъэ ин зыпылъ хабзэ дахэ яIэщ - ахэр гъэ къэси хамэ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щрагъэкIуэкI фестивалхэм ирагъэблагъэ, я хэкужь щызекIуэ хабзэмрэ лъэпкъым къыдекIуэкI щэнхабзэмрэ ягъэлъэгъуэну.



Мы гъэми Унэжокъуэ Тимуррэ Заремэрэ зи пашэ къэфакIуэ ансамблым адыгэ къэфэкIэ дахэр дунейпсо фестивалым щигъэлъэгъуащ. Ансамблым и унафэщI Унэжокъуэ Заремэ зэрыжиIэмкIэ, а зэхыхьэр илъэс къэс къызэзыгъэпэщыр Тыркум щыпсэу дагъыстэн щIалэхэрщ. Абыхэм тыркум щыхэхэс кавказ лъэпкъхэм я хэкум щыщ къэфакIуэхэр, уэрэджыIакIуэхэр ирагъэблагъэурэ гуфIэгъуэ зэхуэс дахэхэр зэхашэ.

- Дагъыстэн зэадэзэкъуэм я жэрдэмкIэ, кавказ зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщ фестивалщ дыздэщыIар, - къыддогуашэ Заремэ. - «Шагъдийм» нэмыщI, Адыгейм, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Шэшэным, Дагъыстэным, Грузием, езы Тыркум щыщ ансамблхэр хэт хабзэщ абы. Ауэ мы гъэм, пандемием и зэранкIэ, Кавказым икIауэ дэрэ Дагъыстэным щыщ ансамблымрэщ хэтар.

Фэри зэрыфщIэщи, хэхэсхэм я гум жьы дезыгъэху, зыгъэгушхуэ, зэрыпагэ Iуэху дахэщ фестивалхэр. Абы къекIуалIэр концертыр щекIуэкI къалэм дэсхэм я закъуэкъым, атIэ гъунэгъу къалэхэми къокI, уеблэмэ кхъухьлъатэкIэ нэхъ жыжьэ къилъэтыкIхэри щыIэщ. КъызэгъэпэщакIуэхэм нэмыщI, дэ сытым дежи гуапэу къытпожьэ Тыркум и къалэхэм щызэхэт Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэр, ди концертхэм зыхэмыгъэныну иужь итщ дэтхэнэ адыгэри.

Апхуэдэу мы гъэми Бурсэ, Анкара, Истамбыл, Балакисир къалэхэм къикIахэр къытхуэзащ. Хуабжьу гухэхъуэт пандемием имыгъэшынэу я хэку и хуабагъ, тIэкIу нэхъ мыхъуми, зыхащIэну ди лъэпкъэгъухэр къызэрызэхуэсар. Ахэр концертым дагъэгушхуэу щIэсащ, Iэгу ину тхуеуащ, къэфакIуэхэм я гъусэу сурэтхэр зытрагъэхащ. Мы зэIущIэхэр нэхъри гукъинэж зыщIыр мис а гуапагъэхэрщ, щыпIэ зэхуэмыдэхэм щыпсэу зэкъуэшхэм я зэпыщIэныгъэхэрщ, зыр зым игу хигъахъуэу зэрызэбгъэдэтырщ.



Хамэ къэрал щыпсэуныр зи натIэ хъуа, зи хэку махуэ къэс къэмыкIуэжыф ди лъэпкъэгъухэм апхуэдэ гуфIэгъуэ мащIэкIэ дахуэупсэфмэ, дэ зи яужь дит Iуэхур къыдэхъулIауэ къэплъытэ хъунущ. Щэнхабзэм и зыужьыныгъэм хуэпщI хэлъхьэныгъэм, сабийр и лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэм зэрыхэппIыкIым нэхърэ нэхъ мащIэкъым уи лъэпкъэгъухэм я дэрэжэгъуэр къэпIэтыныр, хамэ лъэпкъхэм уи щэнхабзэр ебгъэлъагъуныр. Мис ахэр ди къалэн нэхъыщхьэу къэтлъытэу сабийхэр догъасэ, утыкухэм дохьэ.

Абы дыщыщыIа махуэхэм адыгэ куэд зэдгъэцIыхуащ, апхуэдэ фестивалхэр къызэзыгъэпэщ хасэ тхьэмадэхэм дауэщIащ икIи дяпэкIэ, нэгъуэщI къалэхэм деблагъэмэ, дызэдэлажьэмэ зэрагуапэр къыджаIащ.

Заремэ зэрыжиIэмкIэ, фестивалым и пщIэр егъэлъагэ ар хасэхэм къызэрагъэпэщыныркIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ къахуэхъу къалэ, щIыналъэ унафэщIхэм. «Апхуэдэу Яловэ къалэм и унафэщIым, ар зыхыхьэ щIыналъэм и Iэтащхьэм я деж драгъэблэгъащ хьэщIэхэм. ЛIыщхьэхэр гуапэу къызэрытпежьамрэ псалъэ дахэу къыджаIамрэ къагъэлъагъуэрт Тыркум щыпсэу кавказ лъэпкъхэм пщIэшхуэ къызэрыхуащIыр, ахэр езыхэм я къуэш хуэдэу, зэхэгъэж щымыIэу зэрызэхэтыр. Дэ и гугъу тщIащ зэныбжьэгъугъэм и лъэмыжыр нэхъри гъэбыда зэрыхъунум, ди щIалэгъуалэр нэхъ зэкIэлъыкIуэ зэрытщIыным, егъэджэныгъэ и лъэныкъуэкIэ, студентхэр къагъакIуэу, дгъакIуэу зэтеублэныр зэрыщхьэпэм, нэгъуэщIхэми. Мы зы гъуэгум дыздэщыIа Яловэ Хасавьюрт и къуэш къалэ ящIащ куэд щIауэ, Къайсэррэ Налшыкрэ къуэш зэрызэхуэхъуам ещхьу. Иджы Налшыкрэ Яловэрэ апхуэдэ зэпыщIэныгъэ я зэхуаку дэлъыныр зэрамыжагъуэр къыхагъэщащ унафэщIхэм», - жеIэ Заремэ.

Хамэхэм яхэсу я анэдэлъхубзэр тIэкIу яIэщIэхуами, я псэм хамыхыну ди лъэпкъэгъухэм яIэщ адыгэ къафэр, фащэр, пшынэр, макъамэр. «Шагъдий» къэфакIуэ ансамблым хэхэс адыгэхэм я гум къыщыблэ я мафIэ бзийр нэхъри къызэрызэщIигъэстыжам шэч хэлъкъым. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэрщ лъэпкъыр лъэпкъыу къызэтезыгъэнэри, адыгэр нэхъ зэпэгъунэгъу зыщIыжри.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Пандэ абрагъуэр и нагъыщэщ

**Нобэ, фокIадэм и 11-р, ЦIыхуIэ зылъэмыIэса щIыуэпсым и дунейпсо фондыр (WWF) къыщызэрагъэпэща махуэщ.**



ШВЕЙЦАРИЕМ щыIэ Морге къалэ цIыкIум, ЩIыуэпсыр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэр здэщыIэм, 1961 гъэм фокIадэм и 11-м щызэхаша WWF IуэхущIапIэм, иужьым зи къудамэхэр къэрал куэдым къыщыунэхуам, къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжар хуэгъэзащ дыщыпсэу ЩIы Хъурейм гъащIэм и хуэмэбжьымэу къыщызэтена лIэужьыгъуэ-лъэпкъыгъуэхэр, хэдз щымыIэу, щыхъумэныр.

1962 гъэм зи гугъу тщIы фондым ди планетэм тет къэрал псоми захуигъэзащ «ХьэкIэкхъуэкIэхэр къегъэлынымкIэ дунейпсо къыхуеджэныгъэ» зыфIища дэфтэрым Iэ зэдыщIадзыным хуиущийуэ. А щIыкIэм тету хэIущIыIу хъуа тхылъыр зэрызэхэгъэщхьэхукIа Iыхьиблым (параграфхэм) ярытхэри гъэщIэгъуэнщ:

Езанэм дунейм щIыхуу тетым захуегъазэ, хьэкIэкхъуэкIэхэр зэтеукIэныр дэнэ щIыпIэкIи къыщызэтегъэувыIэн зэрыхуейм ехьэлIауэ.

ЕтIуанэм трегъэчыныхь хьэкIэкхъуэкIэхэр нэхъ хъума щыхъун, щыбэгъуэн хуэдэу, щIыпIэ хэхахэр хэгъэгу псоми къызэрыщызэгъэпэщыпхъэм.

Ещанэ параграфыр топсэлъыхь зи гугъу тщIы псэущхьэ щхьэхуитхэм зэрымыщIэкIэ е унафэ гуэрым тету я псэр ягъэныныр дэнэ лъэныкъуэкIи къызэрыщызэтегъэувыIапхъэм.

ЕплIанэ Iыхьэм щыгъэбелджылащ къытщIэхъуэ щIэблэр, псом хуэмыдэжу ди сабийхэр дыкъызыхъуреихь дунейм къыщекIуэкIхэм гудзакъагъэ яхэлъэрэ нэплъыс-нэIусу кIэлъыплъыфу, уеблэмэ, лъагъуныгъэ хуаIэу щыгъэтынымкIэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэр абыхэм сытым дежи зэрадегъэкIуэкIыпхъэм.

Етхуанэр теухуащ и IуэхущIафэхэмкIэ, и дуней тетыкIэмкIэ щIыуэпсым гъунэгъу зыхуэзыщI дэтхэнэми дыкъызыхъуреихь дунейр, зэрырихьэлIауэ, къызэтригъэнэн зэрыхуейр гурэ псэкIэ къыгурыIуэу щыгъэтыным.

Еханэм къыщыгъэлъэгъуащ хьэкIэкхъуэкIэхэр нэхъ къыщызэтена щIыпIэхэу лъэпкъ цIыкIухэр зэрысхэм, ахэр щахъумэнымкIэ, сыт и лъэныкъуэкIи защIэгъэкъуэн зэрыхуейр.

Ебланэм, къытригъэзэж щIыкIэу, щыжеIэ ЩIы Хъурейм къэралу тетым щхьэхуиту ит хьэкIэкхъуэкIэхэр щызэтрамыукIэу къыщегъэлынымкIэ щрагъэкIуэкI IуэхущIафэхэр дэнэ лъэныкъуэкIи зэрыщызэщIэгъэуIуапхъэр.

WWF-м и нагъыщэщ пандэ абрагъуэр (Китайм «мыщэ-джэду», «мыщэ-къуэлэн» зыхужаIэ псэущхьэщ).

ЦIыхуIэ зылъэмыIэса щIыуэпсым и дунейпсо фондым Урысей Федерацэм лэжьэн щищIидзащ 1994 гъэм. Мы зэманым WWF-м ди къэралым щыпхигъэкI проект 50-м щIигъум яхэтщ мэзым, хым хэс псэущхьэхэр хъумэныр яхуэгъэзахэри, щIыдагъэмрэ газымрэ я къыщIэхыкIэр щIыуэпсым емыгуауэу къызэгъэпэщын зэрыхуейм теухуахэри, нэгъуэщI абы хуэдэхэри.

**ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцIэ.**

# Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 11, щэбэт**

♦**Фадэм емыфэным и урысейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ я IэщIагъэлIхэм я махуэщ**

♦**1943 гъэм** Къуэныкъуей Назир дзэ къалэн иIэу япэ дыдэу уэгум ихьащ икIи япэ нэмыцэ кхъухьлъатэр къриудыхащ, абы папщIэ генерал Савицкэм япэ орденыр къритащ.

♦**1961 гъэм** къызэрагъэпэщащ Дикъэзыхъуреихь щIыуэпсыр хъумэным и дунейпсо фондыр.

♦**2001 гъэм** дунейм щынэхъ ин дыдэ теракт щалэжьащ США-м и Нью-Йорк къалэм.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ балетмейстер, КъБР-м и цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Дашу Хьэшыр.**

♦**1954 гъэм** къалъхуащ КъБКъУ-м и ректор, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик **Алътуд Юрэ.**

♦**1970 гъэм** къалъхуащ генерал-майор, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и Следственнэ комитетым и лэжьакIуэ **Хьэжмусэ Руслан.**

* * *

*Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 40-м, къухьэжынущ сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 24-м.*

*Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 44-рэ.*

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, ди республикэм махуэр кIагъэпшагъэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 12, тхьэмахуэ**

♦**Япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэм зыщIэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Программистым и махуэщ**

♦**1930 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Брат Хьэбас.**

♦**1950 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **ШэджыхьэщIэ Аслъэнбий.**

♦**1960 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Мамыщ Владимир.**

* * *

*Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 41-м, къухьэжынущ сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 22-м.*

*Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 41-рэ.*

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, ди республикэм и щIыпIэхэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 13, блыщхьэ**

♦**Фашизмэм и зэранкIэ дунейм ехыжахэр ягу къыщагъэкIыж дунейпсо махуэщ**

♦**Байкал гуэлым и махуэщ**

♦**Программистым и махуэщ**

♦**1762 гъэм** Екатеринэ ЕтIуанэр пащтыхь къулыкъум пэрыуващ.

♦**1942 гъэм** Сталинград зауэм щIидзащ.

♦**1919 гъэм** къалъхуащ драматург, режиссёр, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и цIыхубэ артист **Тубай Мухьэмэд.**

♦**1923 гъэм** къалъхуащ партизанкэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Космодемьянская Зое.**

♦**1934 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Шорэ Хьэсин.**

♦**1937 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Бицу Георгий.**

♦**1941 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор **Джыназ Борис.**

* * *

*Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 42-м, къухьэжынущ сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 20-м.*

*Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 38-рэ.*

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, ди республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Зыри зымыщIэр зэи щыуэркъым.**



# ПасэІуэу къыщІэкІынущ

**Пщыхьэ, Шахэ, Щхьэгуащэ, Кхъужьыпс я псыхъуащхьэхэр зэпызыгъэщхьэхукІ къурш гуэрэным щхьэщылъэгыкІ бгыхэм я нэхъ уардэщ Фыщт Іуащхьэжьу метр 2888-рэ зи лъагагъыр.**

ЭТИМОЛОГИЕМ (псалъэпкъхэм я лъабжьэхэр «къэзылъыхъуэ» щІэныгъэм) зыдезыгъэхьэххэм куэду яхэтщ зэман блэкІахэм къахэтэджыкІа щІыпІэцІэхэр, гурыІуэгъуафІэ тщащІ я гугъэжу, нобэрей бзэхэм я ІукІэм хуэзыгъакІуэхэр. Абыхэм къалъытэркъым бзэм и пкъыгъуэу фІэщыгъэцІэм ехьэлІахэр блэкІа лІэщІыгъуэхэм «я кІыщым зэрыщыщІаІуащІыкІар».

ЖытІам и зы щапхъэу къэтхьынщ КъухьэпІэ Кавказым и бгы нэхъ удэзыхьэххэм хабжэ Фыщт Іуащхьэжьым и цІэр зэхэщІыкІыгъуэу жызыІэхэм Интернетым куэду дазэрыщрихьэлІэр. Къызэрыхэдгъэщащи, зи гугъу тщІы бгъэдыхьэкІэм хуэдэхэр Іуэхум и пэжыпІэр зэхэгъэкІыным зэрыхуэмылажьэм и телъхьэхэри щыІэщ. Апхуэдэхэм зэрыжаІэмкІэ, «Фыщт» щІыпІэцІэр зэман жыжьэ дыдэхэм къыщежьащ икІи мыбдежым дэ дызыщыхуэзэр «зыпхыплъыгъуей» дыдэ хъуа псалъэпкъ зэхэгъэувэкІэщ. Ар къызыхэкІауэ къэлъытэн хуейри, мы щІыналъэм щыІуу щыта бзэхэм лъэхъэнэ кІыхьым къриубыдэу ягъуэта зэхъуэкІыныгъэхэмрэ ящыщ язынinfoкъуэхэр зэрыщымыІэжымрэщ (псалъэм папщІэ, убыхыбзэмрэ садзхэм я бзэмрэ). Аращ Фыщт бгым и цІэм хуэдэхэм адыгэ-абазэ-убых бзэхэм я тхыдэм кууэ дыщІыхашэри.

Псалъэм папщІэ, 2007 гъэм къыдэкІа «Некоторые топонимы и гидронимы Большого Сочи» тхылъым къызэрыщахьамкІэ, абазэбзэм ноби къыхагъуатэ «Афыщтэ» жыІэкІэр Іыхьитly зэхэтщ: япэр - щыблэмрэ уафэгъуагъуэмрэ я тхьэ «Афы» зи фІэщыгъэрщ, етІуанэр, «щтэ» - «ишта» жыхуиІэр, «и тІуащІэ», «и къуэладжэ», «и щІыпІэ», «и унэ» мыхьэнэхэр къызэрыкІщ.

Убыххэр къэтщтэнщи, гу лъытапхъэщ икІи гъэщІэгъуэнщ, ахэр Тыркум къыщыхута иужькІэ, абдежым я нэгу къыщыщІэувэ мэзыншэ бгы джафэхэм щхьэкІэ «фыщт» жаІэу зэрыщытари. «Я Хэкужьым щхьэщылъэгыкІ Фыщт Іуащхьэжьыр абыхэм, дэнэ щІыпІэ щымыІами, хуиту ялъагъу лъагапІэт», - щыжиІащ и тхыгъэхэм ящыщ зым нэмыцэ лингвист, этнограф цІэрыІуэ, кавказыбзэхэр (убыххэм яйри абыхэм яхэту) джыным илъэс куэдкІэ яужь ита Дирр Адольф.

Мэрэтыкъуэ Къасым и «Адыгейский топонимический словарь» тхылъым къызэрыщихьамкІи, щІыпІэцІэхэр джыным куэд щІауэ дихьэх Твёрдый Александр зэритхымкІи, Лагъуэнакъэ (Лагонаки) бгыщхьэ тафэм егъэщІылІа къуршхэм уардэу къахэхужьыкІ Фыщт Іуащхьэжьым и цІэр пычыгъуитІущ зэрызэхэтыр: япэр («фы») - («фыжь», «хужь»); етІуанэр - («щт») - («щтын», «щта», «зэщІэдиихьа») къызэрыкІ Іыхьэхэущ, зэщІэгъэуІуауэ къызэрыбгурыІуэнури «бгы хужь зэщІэщтыхьа» мыхьэнэр иІэущ.

Арщхьэкlэ, зэрыжытІащи, апхуэдэ Іуэху еплъыкІэм арэзы къимыщІхэми уарохьэлІэ. Абыхэм ящыщ языныкъуэхэр мыпхуэдэу йогупсыс: «фыщт» фІэщыгъэм и япэ пычыгъуэм «фыжь-хужь» къидгъэкІыфынуми, кІэух «т» - р еиныгъэ къигъэлъагъуэу къэтлъытэми, а тІум я зэхуаку къыдэува «ш» - «щ» макъым къикІыр зэрымыгурыІуэгъуэу къонэ», - жаІэу.

Иужьрей макъым теухуауэ еплъыкІитІ щыІэщ. Япэр «щ»-р «щта», «зэщІэщтыхьа» мыхьэнэм хуэгъэкІуэнырщ, етІуанэр «щ»-р щабэуи хуабжьыуи къепщэ жьым и макъым егъэщхьынырщ.

«Фыщт» фІэщыгъэр абазэбзэм къыхэкІауэ, «аф» пычыгъуэм «Щыблэм и тхьэ», «щта»-м «Абы и унэ», «Абы и щІыпІэ» мыхьэнэхэр къарыкІыу, зэхэплъхьэжмэ, «щыблэ уапІэ» мыхьэнэм хуэкІуэжу жызыІэхэри щыІэщ.

ИтІани, ищхьэкІэ къызэрыщыхэдгъэщащи, хуэгъэфэща бгъэдыхьэкІэ этимологием и «щІасэкъым». Аращи, Іуэху еплъыкІэу къэдгъэлъэгъуахэм «Фыщт» фІэщыгъэм къикІыр нэгъэсауэ къыдгурагъэІуэфу къэлъытэныр тІэкly пасэІуэу къыщІэкІынущ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



# Адыгэбзэм и пщІэр къэІэтыжыным треухуэ

**Къыхиха ІэщІагъэм гу къабзэрэ псэ хьэлэлкІэ бгъэдэт цІыхум и щапхъэщ Налшык къалэм и сабий сад №63-м и гъэсакІуэ икІи адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ, ІуэхущІапІэм цІыхубэ егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и профсоюз комитетым и унафэщІ Бэлэтокъуэ Ритэ.**



ИЛЪЭС 40 ипэкІэ КъБКъУ-м и педучилищэм зыщыхуеджа егъэджакІуэ-гъэсакІуэ ІэщІагъэм нобэр къыздэсым хуэпэжщ Бэлэтокъуэр. Налшык къалэм и сабий сад №63-м илъэс 14-кІэ гъэсакІуэу щылэжьа нэужь, ІуэхущІапІэм и унафэщІ Аброкъуэ Розэ и жэрдэмкІэ, абы пэщІэдзэ классхэм я курыт еджапІэ къыщызэІуахым, адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ къалэнри пщэрылъ къыщащІащ.

- Ди сабий гъэсапІэм пэщІэдзэ классхэр щрагъаджэ школ щыхэтар гукъинэжт, сыту жыпІэмэ илъэсищ ныбжьым щыщІэдзауэ узыдэлэжьа, фІыуэ пцІыху сабийхэр ебгъэджэну нэхъ тыншт. Абы мыхьэнэшхуэ иІэт къалэм щекІуэкІ зэпеуэхэм цІыкІухэр я зэфІэкІ щыщебгъэплъыжкІэ, щхьэж бгъэдэлъ щІэныгъэми, зи адэ-анэ къызыдэлэжьэфынухэми ущыгъуазэт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, пэщІэдзэ классхэр щрагъаджэ школыр иужькІэ зэхуащІыжащ, - жеІэ Ритэ.

Иджырей сабийхэм адыгэбзэр фІыуэ зэрамыщІэр, нэхъыбэр хамэбзэкІэ зэрыпсалъэр игу къызэреуэр ибзыщІыркъым анэдэлъхубзэр зи псэм хэлъ Бэлэтокъуэм. Аращ абы и дерсхэр адыгэбзэм и пщІэр къэІэтыжыным нэхъыбэу щІытригъащІэри. ЕгъэджакІуэр и ІэнатІэм гу къабзэрэ псэ хьэлэлкІэ зэрыпэрытым шэч къытепхьэжыркъым и дерсхэр щригъэкІуэкІ пэшым, щІэт жьэгур, тэхътэбаныр, Іэнэ лъакъуищыр, адыгэм къыдекІуэкІ пасэрей хьэпшыпхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ щыплъагъукІэ. Ахэр я щыхьэтщ зэпымыуууэ лъэпкъ хабзэр зи лъабжьэ зэІущІэ гъэщІэгъуэнхэр, классщІыб еджэныгъэхэр, дерс зэІухахэр, щІэх-щІэхыурэ зэрыригъэкІуэкІым. Апхуэдэщ нэхъ иужькІэ, къызэригъэпэща МафІащхьэтыхь махуэшхуэри.

- Уи лэжьыгъэр къохъулІэныр куэдкІэ елъытащ ІуэхущІапІэм и унафэщІым къызэрыбдиІыгъым. Абы и лъэныкъуэкІэ ди унафэщІ Атмурзаевэ Софият дыхуэарэзыщ. Апхуэдэу гуапэщ си лэжьэгъу гъэсакІуэхэу Шэрхъ Зерэ, ГъущІо Майе, Хьэмыз ФатІимэ, Блэнауэ Разитэ, Къэшэж ФатІимэ, Щэрмэт Лианэ сымэ сыткІи къызэрыздэІэпыкъур, - къыддогуашэ Ритэ.

ЕгъэджакІуэм къызэрилъытэмкІэ, сабийхэр нэхъ дэзыхьэх Іуэхугъуэхэрщ нэхъыбэу зытегъэщІэн хуейр. Абы и лъэныкъуэкІэ езы цІыкІухэр фІыуэ пцІыхун зэрыхуейри къыхегъэщ Ритэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, таурыхъ уакъыхуеджэ къудейкІэ сабийхэм къагурымыІуэнкІэ зэрыхъур къилъытэу, зэ къахуеджа нэужь тхыгъэр я гъусэу зэпкърехыж, упщІэхэр яритурэ, нэрылъагъу пособиехэр куэду зыдигъэІэпыкъуурэ. Апхуэдэурэ сабийхэр нэхъыбэу анэдэлъхубзэм дрегъэхьэх, къызэджа таурыхъым хэт лІыхъужьхэм я сурэтхэр къигъэсэбэпурэ. Театр теплъэгъуэхэм дахьэх цІыкІухэр егъэджэгу, лІыхъужьхэм я фэилъхьэгъуэхэр ящыгъыу. ЦІыкІухэм телъыджэ ящохъу псэущхьэхэм я ролхэр зэрагъэзащІэр. Лъэпкъ хабзэм щыщ Іыхьэхэм хегъэгъуазэ, къафэ лІэужьыгъуэхэм ирегъэдаІуэ. Уэркъ къафэм и тхыдэм щахутепсэлъыхькІэ зэмылІэужьыгъуэ джэгукІэхэр къигъэсэбэпурэ пхъэ вакъэм, пхъэцІычым, нэгъуэщІ лъэпкъ Іэмэпсымэхэм я гугъу яхуещІ.

- Нэхъ пасэм гупжьей 15-м нэблагъэ диІэу щытащ. Абы ящыщ зыр - театр студиер - сэрат зыгъэлажьэри, ди адыгэ тхакІуэхэм къищынэмыщІауэ нэгъуэщІ лъэпкъхэм къахэкІахэми я ІэдакъэщІэкІхэми гулъытэ хуэтщІырт. Апхуэдэт, псом хуэмыдэу, балъкъэр усакІуэ цІэрыІуэ Кулиев Къайсын и тхыгъэхэр. Хьэщыкъуей Олег и таурыхъ цІыкІухэм теплъэгъуэ гъэщІэгъуэнхэр къытыдощІыкІ. Ди сабийхэр телевиденэми тшэурэ зыкъыщагъэлъэгъуащ, радиом и лэжьакІуэ МахуэлІ Хъаджэт ди дерс зыбжанэ итхыурэ къитыжащ. Адыгэ шхыныгъуэхэр зыпщэфІ Къубатий Борис мызэ-мытІэу къедгъэблагъэурэ ди гъэсэнхэр ерыскъы гъэхьэзырыкІэм кІэлъигъэплъащ, - жеІэ Ритэ. - Щомахуэ Амырхъан, ЩоджэнцІыкІу Алий, нэгъуэщІ куэдым я пшыхь гукъинэжхэр къызыдогъэпэщ. Композитор икІи усакІуэ ХьэІупэ ДжэбрэІил, тхакІуэ, усакІуэ пажэхэу Нало Заур, Щоджэн Леонид, АфІэунэ Лиуан, Хьэх Сэфарбий, Хьэщыкъуей Олег сымэ къедгъэблэгъащ. Сабий уэрэд цІыкІухэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа усакІуэ, радиожурналист Вындыжь Марии ди хьэщІащ.

Бэлэтокъуэ Ритэ республикэм и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іуэхум хуищІа хэлъхьэныгъэфІхэр къалъытащ. Абы мызэ-мытІэу къыхуагъэфэщащ къалэм ЕгъэджэныгъэмкІэ и департаментым къыбгъэдэкІ дипломхэр, «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм япэ увыпІэр къызэрыщахьам, къалэпсо, республикэпсо зэпеуэхэмрэ зэхыхьэхэмрэ и гъэсэнхэр къызэрыщыхэжаныкІам, семинархэм жыджэру зэрыхэтам щыхьэт техъуэ щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**








## Жыгым и пщIащэр и фащэщ

♦Дзыгъуэ цIыкIурэ пэт Iэтэшхуэм ипIытIыркъым.
♦Дзыхь зыхуумыщI щыкъур мэкъутэ.
♦Езэшыр пшынэ йоуэ.
♦Ем «сынокIуэ» жиIэркъым.
♦ЕсыкIэ умыщIэмэ, IупщIа псыми уитхьэлэжынщ.
♦ЖамыIа щыIэкъым, ямыщIа мыхъумэ.
♦Жанхъуэтхьэблэ къафэу къытрегъэзэж.
♦ЖыхапхъэщIэр фIыуэ мэпхъанкIэ.
♦Жыгым и пщIащэр и фащэщ.
♦ЖысIэр щIэ, сщIэм уемыплъ.
♦Жьым и мыгъуэщ, щIэм и гъуэджэщ.

## Лэпс зэщIэт, джэдылрэ пхъырэ хэлъу

Джэдыл гъэкъэбзар зэпкърах е зэпауд г 80 - 100 хъууэ. Псы хуабэкIэ тIэу-щэ ятхьэщI, шыуаным иралъхьэ, псы щIыIэ щIакIэри, мафIэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. ИтIанэ мафIэр щабэ ящI, шыуаныщхьэр трапIэри, тхъурымбэр къытрахыурэ ягъавэ.

Лыр вэным дакъикъэ 15 - 20 иIэжу, халъхьэ зэпэплIимэ цIыкIуурэ упщIэта пхъы укъэбза, шыбжий сыр мыхьэжа, бжьыныху уба.

Iэнэм пщтыру фалъэ куукIэ трагъэувэ. ЩIакхъуэ, чыржын, хьэлIамэ, пIастэ щIыIэ дашх.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):* джэдылу - г 400, псыуэ - г 800, пхъы укъэбзауэ - г 100, бжьыныху укъэбзауэ - г 30, шыгъуу, шыбжий мыхьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

## Санэ фIыцIэрэ форэ

ФIыуэ лъэса санэ фIыцIэр япIытI, хьэкъущыкъу лам иралъхьэ, фо гъэткIуа хакIэ, фIыуэ зэIащIэжри, абджым е кхъуэщыным иралъхьэ. Абы и щхьэр ягъэбыдэжри, щIыIапIэкIыфIыпIэм ягъэув.

Шейм драф, лэкъум хуабэм, щIакхъуэм дашх.

*Халъхьэхэр:* санэ фIыцIэу - г 3000, фоуэ - г 3000.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

# Хъуэжэ езым зыкъигъэпцIэжащ

Хъуэжэ пIащIэу унэм кIуэжырт. Уэрамым щызэхэт цIыху гупым щаблэкIым зыгуэр къеупщIащ:

- СлIожь, Хъуэжэ, уи кIэм мафIэ щIэна, дэнэ апхуэдизу упIащIэу уздэжэр? - жиIэри.

Хъуэжэ и кIэм еплъыжри:

- Хьэуэ, мафIэ лъэпкъ слъагъуркъым, - жиIащ.

- АтIэ дэнэ уздэжэр? - къеупщIащ аргуэру а зэгуэпыгъуэр.

Хъуэжэ къызэтеувыIащ, лIыр гъунэгъуу къызыбгъэдишэри щэху дыдэу жриIащ:

- Хъурмэ куэд къашауэ къалэжьыщхьэ деж пщIэншэу щат, си хъуржыныжьыр цIыкIуIуэ къысщыхъужауэ чыматэри къэсщтэну сокIуэж, зыми жумыIэу уи закъуэ къыдэкI, - жиIэри Хъуэжэ ежьэжащ.

Зы тэлай дэкIауэ, Хъуэжэ щхьэгъубжэмкIэ къыдэплъри къилъэгъуащ пэгун, матэ, хъуржын яIыгъыу хъурмэхьэ пхъэра цIыхухэр.

- Алыхь-алыхь, зыхэзгъэкIыжырти, пщIэншэу ят хъурмэм, - жиIэри и хъуржыныжьымрэ зы чыматэрэ къищтэри, езырии якIэлъыдэжащ бгым.

КъэпцIа цIыхухэр бгыщхьэм щызэрызехьэу тетт, къэзыгъэпцIам лъыхъуэхэу. Япэ зыхуэзауэ щыта лIым Хъуэжэ къызэрилъагъуу, къепхъуэри утыкум ирилъэфащ:

- Мис а пцIыр зыгъэIуар, - жиIэри.

- Хэт жысIэу зэхиха? КъызэфшалIэ мыдэ! - къахуикIуэтакъым Хъуэжэ.

- Сэ щэхуу къызжепIащ, - жиIэри лIы зэгуэпыгъуэр къэуващ.

- Си шыдыр хьэм щишхым щыгъуэ си макъым къызэрикIкIэ сыкIуияти зыми зэхихакъым, иджы уэ зым щэхуу бжесIар сыту псынщIэу къуажэ псом щызэлъащIыса? - жиIэри яхуидакъым Хъуэжэ «пцIы» къытралъхьэу.

**КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку.**

## Сабийр хущхьэрей хъуамэ...

**●Сабийм и дзэр къыхэкIыху гъуджэ ирагъаплъэртэкъым, ар къэкIыгъуей мэхъу жаIэрти.**

**●Сабийр хущхьэрей хъуамэ, нэ техуауэ къалъытэрт.**

**●Уафэр и мычэзууэ гъуагъуэмэ, фIыкъым, мэкъумэшыр шэджэладжэ мэхъу жаIэрт.**

**●Ужьэ уи щIапIэ къихьэну фIыуэ къалъытэ.**

**●Уи хьэ дэкIыу кIуэдыну фIыкъым, жаIэ.**

**●МафIэм уриджэгуну фIыкъым.**

**●Мэрем пшыхьым пхъэнкIий ирадзтэкъым.**

**●НапщIэ уфар угъурлыкъым жаIэрт.**

**●Псы макъыр ищхъэрэкIэ къыщыIумэ, уэлбанэ хъуну къалъытэрт.**

**●ПхъэнкIэрей угъурсызщ жаIэрт.**



Аруан районым хыхьэ Псынабэ къуажэм щыпсэу Шакъ Илонэ и ныбжьыр илъэси 10 хъууэ аращ. Пщащэ цIыкIур дехьэх тхылъ еджэным, псом хуэмыдэу фIэфIщ адыгэбзэкIэ тха усэхэр. Дэзыхьэх Iуэхум и къару щеплъыжу Илонэ езыми къалэмыр къиштащ. Нобэ теддзэ усэ цIыкIур хъыджэбз цIыкIум и япэ лэжьыгъэхэм ящыщщ.

### Псынэ цIыкIу

Къыщ1эжат щIы щIагъым
псыни,
Псышхуэ ар хъужащ.
Дегъэгуфlэ цIыкIуи ини,
Хъуэхъууи куэд жытIащ.

Псышхуэр уэру
зэкIэщIожыр,
Къигъуэтащ кIэнауэ.

Ди уэрамым сыкъыдокIри,
Сопль зэрыIущащэм:

Сэ сы-псынэ цIыкIущ,
Сы сы-псынэ къабзэщ,
Сы сы-псынэ дахэщ,
Сэ сы-псынэ IэфIщ.
Зы къыскIэлъымысу
Сэ къуажэкIэмкIэ сожэх.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ЛIым и шыпхъу. **4**. ЩIалэ къамылыфэ, фIыцIафэ. **6**. ЛIы домбейм ерыскъыр ... хуэхъуакъым (зигъэнщIакъым). **7**. Пщым и Iуэхутхьэбзащ1э. **8**. ... сэрей. **9**. Пхъэ уадэшхуэ. **11**. ЩIымахуэ ... е гъэмахуэ ... **13**. Егъэлеяуэ ерыщ. **16**. Ар лIыхъужьым жыжьэрэ гъунэгъуу ещхькъым. **17**. ЩоджэнцIыкIу Алий Тыркум щитха усэ цIэрыIуэ. **18**. ХадэхэкI. **19**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар дэм хуэдэщ. **20**. ЩIыпIэ сэтей, тафэ. **22**. Нартыхур бгъэлъалъэмэ, ар къонэ. **24**. Iэщ ... бгъашхэмэ, уи Iупэр дагъэ къищIынщ, цIыху ... бгъашхэмэ, уи Iупэм къеуэжынщ. **26**. Къэбэрдей тхакIуэ, журналист Къэрмокъуэ ... **27**. Узижагъуэм и нэм бжэгъуу ...

***Къехыу:*** **2**. Шым и ... макъ бом къыщIэIукIащ. **3**. Пхъэм къыхабзыкIа бжэмышхышхуэ. **4**. Гъущэ, псы зыщIэмытыж. **5**. Ар уи пашэмэ, вэнвейм ухешэ. **10**. Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэуа усакIуэ цIэрыIуэ Нэхущ ... **11**. Кавказ Ищхъэрэм щыщ лъэпкъышхуэ. **12**. Совет къэралыгъуэм и къызэгъэпэщакIуэ. **14**. Къуаргъым нэ хуащIати, « ... » жиIащ. **15**. Члисэм фIэлъ уэзджынэшхуэ. **21**. А къуалэбзур куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **23**. ЕуэкIыпIэ. **24**. Таурыхъхэм узыщрихьэлIэ фызыжь бзаджэ. **25**. Нартыху хъумапIэ.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

**ФокIадэм и 4-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Назирэт. **4**. Гугъэ. **5**. Хъуэщт. **9**. Псысэ. **10**. Къудамэ. **11**. Къэхъун. **12**. Бжэн. **15**. Щэуей. **16**. Къундуз. **18**. КIэгъу. **20**. Уэр. **21**. Тхьэмпищ.

***Къехыу:*** **1**. Нэ. **2**. Ибэ. **3**. Тхъу. **4**. Гуапэ. **6**. Тхьэв. **7**. Псыхъурей. **8**. Адэжынэ. **13**. ГущыкI. **14**. Узыр. **17**. Хьэм. **19**. Гъут. **20**. Ущ.

# ЖыIэгъуэ шэрыуэхэм къарыкIыр

***ГушыIэкIэ зымыщIэр IэштIымкIэ мауэ*** - Зыгуэрым гушыIэ папщIэу IущыгъэI зыхэмылъ, акъылыншагъэ щыжиIэм деж къапсэлъ хабзэщ.

***ГуIэр и Iэпэ йодзакъэ*** - Гузэвэгъуэм, щытыкIэ Iейм зэрихуэ цIыхум хэдэ-хэплъэ иIэжкъым - хэкIыпIэ хуэхъуну къилъытэм зыхуедз.

***Гъуэгум пкIэлъей ебдзмэ, кIэщI мэхъу*** - Гъуэгум хъыбар щыжыпIэмэ, ущыуэршэрмэ, зэшыгъуэ хъуркъыми, гъуэгуанэр зэрыпкIуар умыщIэу зэпыбоч.

***ГъущI куэбжэ зиIэ гъущI мастэ щощIэ*** - Зыгуэр хуэмыныкъуэ щыIэкъым.

***Дахэм и напэ пIастэ ирагъэпщIыркъым*** - «Дахагъэ къудейр мащIэщ, фIагъи хэлъын хуейщ» жыхуиIэщ.

***ДаIуэ шхиипэ тоувэ*** - «Чэнджэщ зылъытэр къызэрымыкIыфын щытыкIэ щыIэкъым» жыхуиIэщ.

***Дыгъужь ущышынэмэ, мэз умыкIуэ*** - Къыппэщыт гугъуехьхэм, шынагъуэхэм уащыщтэмэ, Iуэхум щыщIэбдзэн щыIэкъым.

***Джэд нэхърэ джэдыкIэ нэхъ Iущщ*** - НэхъыщIэр нэхъыжьым нэхърэ нэхъ губзыгъэу, нэхъ акъылыфIэу щытынкIи мэхъу.

